दिन—रविवार दिनांक—17.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे टीआरई फोर भर्ती परीक्षाक लेल शीघ्रहिं अधिसूचना जारी कयल जायत। श्री तिवारी जनौलनि जे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के निर्देशक अनुसार भर्ती प्रक्रियाक तैयारी कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे शिक्षा विभाग परीक्षा आयोजन के लऽकऽ तैयारी लगभग पूरा कऽ लेलक अछि।

---

प्रदेश मे जनगणनाक पहिल चरणक अंतर्गत मकान सभक गिनती आ ओकर सूचीकरणक काज सुचारू रूपेँ चलि रहल अछि। सूची तैयार करबाक लेल घरक सामान, उपलब्ध सुविधा आ परिसंपत्ति सभक विवरण जुटाओल जा रहल अछि। ओतहि, हमर अररिया संवाददाता जनौलनि जे जिलाधिकारी सह प्रधान जनगणना अधिकारी विनोद दूहन लोक सभ सँ जनगणनाक काज मे बढ़ि—चढि कऽ भागीदारीक अपील कयलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि मासक एकतीस तारीख कऽ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे अपन विचार साझा करताह। ई एहि मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय चौतीसम कड़ी होयत। स्रोता टोल—फ्री नंबर— एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य पर कार्यक्रमक लेल अपन विचार आ सुझाव पठा सकैत छथि। सुझाव उनतीस तारीख धरि स्वीकार कयल जायत।

---

देशक प्रमुख औद्योगिक संस्थान अडानी समूह बिहारक संरचनात्मक विकासक क्षेत्र मे अगिला तीन—चारि वर्ष मे पचास हजार करोड सँ बेसीक निवेश करत। समूहक प्रमुख गौतम अडानी आइ सारण जिलाक मस्तीचक मे एक कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलाह। श्री अडानी एतऽ अखंड ज्योति आँखि अस्पताल के निर्माण काजक लेल भूमि पूजन सम्मिलित भेल छलाह। ओ जनौलनि जे बिहार आबि कऽ हुनका शांतिक अनुभव भेलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ नालंदा जिलाक राजगीर मे मलमास मेलाक शुभारंभ कयलनि। ई मेला पंद्रह जून धरि चलत। प्रशासन सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयलक अछि। भीड़ प्रबंधनक लेल नओ सय पचास दण्डाधिकारीक निगरानी मे भारी संख्या मे पुलिस बलक तैनाती कयल गेल। राजगीर तीर्थ रक्षार्थ पंडा समितिक सचिव विकास उपाध्याय जनौलनि जे एहि वर्ष करीब आठ लाख श्रद्धालु सभक अयबाक संभावना अछि।

---

भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे नीट–यूजी पेपर लीक मामिला मे केन्द्र सरकार लगातार सक्रिय अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री सरावगी कहलनि जे लोक सभ जे कियो बच्चा सभक भविष्य सँ खेल करबाक प्रयास कयलनि अछि हुनका बक्सल नहि जायत।

---

केन्द्रीय पंचायती राज पशु आ मत्स्य संसाधन मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कहलनि जे केन्द्र सरकार पशु सभक नस्ल सुधारक लेल व्यापक स्तर पर काज कऽ रहल अछि। मुंगेर दौरा पर संवाददाता सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे पुर्णियांक बाद लखीसराय मे सेहो सेक्स सॉर्टेड सीमेन प्लांट के स्थापना कयल गेल अछि। एहि सँ पशु सभक विकास आ दूध उत्पादन मे बेस लाभ होयत। श्री सिंह अपने संसदीय क्षेत्र मुंगेरक विभिन्न भागक भ्रमण कयलनि आ क्षेत्र मे चलाओल जा रहल विकास योजनाक समीक्षा कयलनि।

---

मधुबनी जिला भाजपा इकाईक दिस सँ दू दिवसीय पंडित दीनदयाल उपाध्याय प्रशिक्षण महाभियानक अंतर्गत शिविरक आयोजन कयल गेल। जिला भाजपा अध्यक्ष प्रभांशु झा एकर उद्घाटन कयलनि। ओतहि, जिलाक टॉउन हॉल मे जिला शिक्षक संघक दिस सँ नव नियुक्त प्रधानाध्यापक लोकनिक सम्मान मे समारोहक आयोजन कयल गेल। विधान पार्षद मदन मोहन झा सहित आन गणमान्य लोकनि शिक्षक लोकनिक सम्मान कयलनि।

---

पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे उमस के संग तेज गर्मीक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला दू सँ तीन दिनक दरमियान अधिकतर स्थान पर तापमान मे वृद्धि दर्ज कयल जयबाक संभावना अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान बक्सर, पूर्वी चंपारण आ शेखपुरा जिला मे लू चलबा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एम्हर मौसम विभाग एहि अवधि मे सुपौल, अररिया, किशनगंज सहित राज्यक उत्तरी पूर्वी भाग मे तेज हवाक संग वर्षाक पूर्वानुमान जतौलक अछि।

———————————————————————

बाल्मिकीनगर के सांसद सुनील कुमार आइ पश्चिम चंपारण जिलाक लौरिया प्रखंड अंतर्गत सिकरहना नदी पर बनि रहल पुल निर्माण काजक निरीक्षण कयलनि।

अररिया जिलाक पलासी थाना क्षेत्र मे पुलिस वाहन जांचक दरमियान एक सय उनचास बोतल नेपाली शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त